ZINWA
For Communities. For Development

## ZVIERO ZVEMASHANDIRO EDU NEVATENGI

Tinovimbisa kuzadzisa zvinotevera pamashandiro edu neveruzhinji:

- Kupa mvura yakaringana kuvatengi vedu.
- Vese vanotishanyira kumahofisi edu vachange vachiwana rubatsiro mukati memaminitsi gumi (10) kubva pavanosvika.
- Vashandi vedu vachazvizivisa pachena uye vacharemekedza vatengi vedu.
- Tichagadzirisa zvichemo zvese zvevatengi nekukurumidza, kuvimbika uye kururama.
- Zvichemo/zvinyunyuto zvese zvichagadziriswa uye zvabuda zvichaziviswa mukati memazuva ebasa gumi (10) kubva pazvagamuchirwa.
- Tsamba dzese dzinotumirwa dzichapindurwa kana kuzivikanwa mukati memazuva ebasa gumi nemana (14) kubva padzagamuchirwa.
- Kana zvese zvinodiwa zvazadzikiswa, mafomu ebasa achagadziriswa mukati memazuva ebasa makumi maviri nerimwe (21) kubva pakuunzwa kwemapepa ese anodikanwa
- Tichagadzirisa dambudziko rekufambiswa kwemvura mukati memaawa makumi manomwe nemaviri (72) kubva pakuziviswa.
- Kuona kuti mamita ese ari kuverengwa, anyorerwa mari inofanirwa kubhadharwa nemutengi umwe neumwe kusati kwapera mazuva mashanu (5) mushure mekuziviswa mari inofanira kubhadharwa
- Kuona kuti mvura yavhurirwa zvekare mukati memazuva matatu ebasa mushure mekunge mutengi agadzirisa chikwereti chake.

### Zvisungo nekodzero dzeZINWA

Zimbabwe National Water Authority:

- Iri pasi pemurawu wenyika yeZimbabwe.
- Ichapa mvura inoenderana nezviero zvinotarisirwa neWorld Health Organisation.
- Haikurudziri huwori, rusarura kana kutsaura.
- Inogamuchira pfungwa dzevatengi sezvo ichishandisa izvi kuyera mashandiro ayo
- Ichaita basa rayo nehunyanzvi, kushingaira uye ruremekedzo.
- Vatengi vane kodzero yekutaura nemukuru aripo kana mukuru webazi ravanenge vachibata naro.
- Takazvipira kupa ruzivo runobatsira kune vatengi, runosanganisira kupa ruzivo rwakakodzera, nemashoko emuromo, ruzivo rwakatsikiswa kana zvibhuku zvidiki, maposita neimwe midziyo yakakodzera
-

### Zvisungo uye kodzero dzevatengi

Sevatengi vakakosha, ZINWA ino kutarisirai kuti:

- Muve nemagwaro akakodzera ane chekuita nekushandiswa kwemvura.
- Mubhadhare mabhiri nenguva.
- Musaita zvehuori pakudyidzana nevashandi veZINWA. Zvakakunakirai kuti mumhan’are huwori hunoitwa nevashandi veZINWA kana vanhuvo zvavo
- Mubate vashandi veZINWA neruremekedzo uye mutsa.
- Mucherechedze kuti zvinyorwa zvese zvingave zvinyunyuto, kana zvamunokumbira zvive zvine mapepa akakwana kana umbowo hwakazara.
- Mupe ZINWA ruzivo nezvekuchinja kwe mamiriro eakaundi yenyu nokukurumidza.
- Muchengetedze zvinhu zvese zvekufambiswa kwemvura, semamita.
- Mutevedzere mitemo yose uye musashandise mvura zvisiri pamutemo.
- Mushandise mvura zvine hungwaru.
- Muchengetedze mapaipi emvura anobva pamita.